

Rive jwenn sèvis moun bezwen chak jou ak yon èd imanità ki reponn ak vrè bezwen yo nan yon sitiyasyon kote sekirite a frajil

Etid sou ka katye Kafoufèy
Pòtoprens, Desanm 2023

MESAJ KLE

- Jan sitiyasyon sekirite a te degrade depi mwa dawout 2023 a nan Kafoufèy la te mete moun ki ap viv nan katye sila fasafas ak plizyè gwo **risk pwoteksyon ki te grav anpil**. Chita pale nou te fè ak popilasyon ki viktim kriz la, men tou ak aktè lokal yo (asosyasyon, lidè kominotè, otorite lokal yo) ki ap fè entèvansyon nan zòn nan montre a klè kijan ensidan popilasyon an te viktim yo te grav, pami ensidan sa yo nou ka konte **kay ki kraze, atak ki fèt ak zam oubyen vyolans seksyèl ki fèt sou fanm ak tifi**.
- Vyolans sa yo lakoz anpil **deplasman fèt britsoukou**, yo la koz tou **moun pa gen posibilite pou jwenn sèvis yo bezwen chak jou tankou lasante osinon ledikasyon men tou mwayen pou yo rete vivan osnon mache piblik yo**. Moun nou konsilte eksplike yo pèdi sanzatan kay yo ak aktivite ki te konn pèmèt yo gen lajan nan men yo pou yo al pran refij nan enpe espas dakèy ki pa fèt pou sa. patisipan nan antretyen yo rapòte yo prèske pa gen posibilite pou diminye efè kriz la sou kapasite yo pou yo satisfè bezwen priorite yo. Yon lòt bò yo montre yo gwo kokennchen **rezistans (rezilyans) devan ensekirite a, yo montre tou yon solidarite nan mitan kominote a ki pèmèt yo satisfè bezwen yo**.
- Pi fò moun nou konsilte yo, eksplike **èd la pa sifi** parapò ak valè bezwen popilasyon ki viktim kriz la epi kèk nan yo te plis pale sou **move kalite èd la**. Pa gen anpil nan patisipan yo ki di nou yo konn **pale ak yo sou bezwen yo ak sa yo prefere** kòm èd imanità.
- Aktè imanità ak sila ki nan asosyasyon ki te rankontre ak nou nan yon brase lide ki te fèt 2 mwa aprè nou te fin kolekte done yo, te mete an avan bezwen ki genyen pou **ranfòse aksyon ki kapab pèmèt gen moun sou plas** yon fason pou aktè yo pi byen prepare ak mòd kriz sa yo nan Pòtoprens, epi tou pou nou reflechi pou jwenn **mekanis pou pi byen rantrè pawòl aktè lokal yo** nan repons imanità yo pou yon èd konsekan epi ki reponn ak vrè bezwen yo.

« Pa gen lavi (nou pa menm bezwen pale zafè sekirite, sa pa ekziste). Se nou ki ede tèt nou, pa gen sekirite. Pou nou dòmi, nou sèlman ka chwazi ant debake nan yon lekòl oubyen yon espas ki kapab pran sòti trant pou rive senkant moun. Nou antre epi nou kouchè pil sou pil tankou sadin pou nou dòmi. Sa vle di pa gen lavi. »

Yon moun ki gen difikilte pou mache ki nan sitiyasyon depasman

KONTÈKS

Soti 12 pou rive 13 dawout 2023, te gen anpil vyolans nan katye Kafoufèy ak Savann Pistach ki twouve yo nan pati sidwès zòn metwopolitèn Pòtoprens lan. Daprè matris ki la pou siveye depasman yo (DTM), vyolans sa yo lakoz anviwon 717 menaj ki bay yon total 3556 moun depase, pi fò nan yo (89%) al pran refij nan 7 sit.¹ Moun ki rete nan katye ki twouve yo nan mitan Kafoufèy ak Bapedchoz pa ka jwenn kouran aprè manm gang ak zam te fin sakaje izin elektrik ki trouve li nan zòn Saye nan Kafoufèy nan dat 14 dawout la.² Jan ensekirite a te monte disèt wotè a te rann sitiyasyon moun ki ap viv nan Kafoufèy vin pi grav.

APÈSI SOU ETID LA

Nan lide pou pèmèt kòdinasyon imanità pi byen konprann kontèks ak fason pou reponn nan yon tan ki pa ni twò kout ni twò long ak bezwen moun ki pi vilnerab nan sitiyasyon ensekirite sa, etid sa te vle chèche konnen ki bezwen imanità kriz ensekirite a ponn men tou bay la pawòl ak aktè lokal yo avèk moun nan popilasyon an ki viktim pou yo ka pataje jan yo wè ak konprann sa ki priorite ak sa yo prefere nan sa ki gen pou wè ak èd imanità.

METODOLOJI:

Etid sa se yon apwòch kalitatif ki chita sou plizyè konsiltasyon bò kote aktè kle ki ap fè entèvansyon nan Kafoufèy, men tou bò kote popilasyon ki te viktim kriz ensekirite a nan Kafoufèy. Nou te kolekte done sa yo soti 7 pou rive 15 septanm nan tèt kole ak asosyasyon [ORRAH](#).

EFÈ ATAK AK ZAM SOU POPILASYON YO

Anpil vyolans san parèy lakòz anpil moun deplase britsoukou

Lè nou poze patisipan yo kesyon sou sa ki pi gwo enkyetid moun ki viktim akòz kriz la, 14 aktè lokal te di nou se **ensekirite** a. Repondan yo te sitou lonje dwèt sou ensidan sekirite ki gen rapò ak gè pou teritwa, ensidan sa yo se **kay ki boule, kidnapi** oubyen **enposiblite pou moun mache jan yo vle**. Sou menm lide sa, yon lidè kominotè eksplike nou kè sote li genyen fas ak **enposiblite pou moun nan zòn nan ale nan mache** pou yo al achte osnon vann pwodui alimantè akòz gang yo. Genyen nan patisipan yo ki di nou yo **pèdi konfyans nan enstitisyon ak reprezantan Leta peyi a pou pwoteje yo** epi tou ede yo reponn ak bezwen yo.

17/20

Repondan pami moun ki te viktim dirèkteman nan kriz sekirite a presize **lekòl yo se prensipal kote moun yo pran refij lè yo tap deplase kite zòn yo**.

Tout patisipan nan antretyen yo te presize pou nou atak gang yo te lakòz yo deplase kite lakay yo. Jan li ekri nan rapò DTM mwa oktòb ak novanm¹ ki montre **95%** moun ki deplase nan **komin Pòtoprens** rete nan sit yo, prèske tout repondan yo te presize pou nou moun ki viktim yo te **pran refij nan espas akèy ki pa fèt pou sa tankou lekòl piblik, plas piblik ak legliz tou**.

Posiblite pou moun viktim ensekirite mete sou mwayen ki te ka pèmèt yo viv ak byen yo te genyen ki pèdi...

Plizyè nan repondan yo te di nou **jan yo te fòse yo kouri kite lakay yo** a te lakòz anpil moun pèdi mwayen yo te genyen pou yo viv men tou yo te pèdi **kay yo ak lòt byen pèsònèl yo te genyen**.

Mete sou sa, mwaye nan aktè lokal ki fè entèvansyon bò kote popilasyon an te pale ak nou sou **konsekans atak yo genyen sou sante mantal** moun ki abite nan Kafoufèy ki te **temwen vyolans atak ak zam** yo ki kèk fwa lakòz gen **moun pwòch yo ki mouri** asasinè jan deklasyon dam aje ki kite lakay li tou a montre sa:

« Mwen gen yon pitit gason mwen ki pran yon bal nan janm, li pèdi janm nan. Pa twò lontan, mwen pèdi yonn nan pitit gason mwen yo. Li te nan kay la epi nou pa janm pran nouvèl li. Yo touye li lòt bò a. Mwen kouri toutouni kite 18 chanm kay dèyè. Se la tout fanmi a te rete. Nou pa posede anyen! Nou pèdi tout sa nou te posede! Nou pa gen manje, nou pèdi komès nou, nou pèdi moun tou. Sèl espwa nou se Bondye »

Yon dam aje ki nan sitiyasyon deplasman

Plizyè repondan rapòte nou efè degradasyon sekirite a genyen sou komèsan yo ki pèdi machandiz yo ak kapasite pou yo vann pwodui yo jan lidè kominotè sa deklare li a :

« Anpil komèsan pèdi tout machandiz yo. Genyen ladan yo ki pèdi soti 200 pou rive 300 mil goud, genyen ki te genyen depo chabon ki te genyen soti 4 pou rive 5 san sak chabon epi kounya a yo pa okenn kote pou yo dòmi. Yo oblije repati a zero.»

Lidè kominotè

... Lè twoub sikolojik yo vin grav anpil

- Pami aktè lokal nou te konsilte yo, 10 ladan yo te di nou konfrontasyon ak zam yo te gen **efè sou sante mantal moun ki viktim yo** epi te lakòz kèk ladan yo te gen troub sikolojik. Nan sans sa, yon moun eksplike nou **chagren li ak jan li santi li pa kapab fè anyen** lè pitit gason li te mande li jwèt li yo ki te rete kote yo te abite a alòske li pa t kapab retounen al pran yo.
- Yon moun te di nou plis sou rezon ki fè Byennèt mantal moun ki deplase yo degrade, li te pale sou fason moun yo santi yo **desann nan sosyete a lè yo fòse yo deplase epi yo pèdi tout sa ki te konn pèmèt yo fè lajan, kay yo, pou yo trouve yo nan yon sitiyasyon ekonomik ki grav anpil**.
- Sis ladan yo eksplike nou, nou kapab wè efè kriz sekirite a nan jan **moun yo estrese tout tan epi nan jan yo ap megri**.

10/20

Repondan pami aktè lokal ki fè entèvansyon bò kote popilasyon ki te viktim ensekirite a te pale sou **konsekans atak yo genyen sou sante mantal** moun ki abite nan Kafoufèy

Bezwen moun yo vin pi grav akòz ensekirite a ki pa kanpe

Bezwen popilasyon ki viktim kriz sekirite a rapòte epi lonje dwèt sou yo plis



Sekirite

20/20
patisipan



Kay

18/20
patisipan



Manje

9/20
patisipan



Dlo potab

8/20
patisipan



Lajan

7/20
patisipan

Bezwen ki pi enpòtan nan lojman/kay

- Pou 18 nan moun ki te viktim kriz la ki te patisipe nan ankèt la, sa yo ap panse avèk li plis se jwenn yon kay pou yo rete. mwaye nan aktè lokal yo te idantifye jwenn yon kay pou moun yo rete a tankou yon priyorite, sitou pou moun ki te gentan vilnerab avan kriz la tankou **moun ki gen difikilte pou mache, fanm ansent osnon ki ap bay timoun tete, timoun ak granmoun yo.**
- Plizyè repondan te pale sou **sitiyasyon mizerab moun yo twouve yo nan sit kote moun ki deplase yo ye a**, moun yo ap **dòmi atè** epi yo pa gen bon jan proteksyon lè lapli tonbe jan yon granmoun eksplike nou an:

« Bezwen ki pi enpòtan an se kay pou mwen kapab repoze ak fanmi mwen. imajine ou lè lapli ap tonbe nou oblije tann li pase pou nou seche atè a avan nou al dòmi, imidite a banm plis doulè. Se pi gwo pwoblèm mwen »

Yon dam aje ki nan sitiyasyon deplasman

Bezwen ijan ki gen pou wè ak jwenn manje, dlo potab, netwayaj ak ijyèn

- Sou 40 moun ki te patisipe nan antretyen yo, 21 nan yo te di nou bezwen ki an priyorite pou moun ki an deplasman yo epi ki viktim kriz sekirite a **se jwenn manje**. Gen nan repondan yo ki te eksplike nou se paske **moun yo pa kapab kuit manje yo osnon paske yo kapab ale nan mache** ki lakoz se jwenn manje ki se bezwen ki an priyorite pou yo. genyen nan yo ki di nou **èd la pa sifi epi li pa koresponn ak bezwenn jwenn manje** jan deklarasyon ki sou kote a rakonte li a.
- 12 nan repondan aktè lokal ki te patisipe nan antretyen yo te lonje dwèt sou **kondisyon la sante ak ijyèn ki malouk (manke bon jan twalèt, kit ijyèn, bokit, elatriye.)**, moun ki deplase yo ap viv nan zòn kote yo te rete a ak nan **sit dakèy** tou. 2 aktè imanitè ak yon lidè kominotè te presize pou nou **nesesite pou moun jwenn produi netwayaj** tankou klowòks tap enpòtan pou fè **prevansyon pou anpeche kèk maladi tankou kolera simaye**. Gen nan repondan yo ki menm di nou **gen kèk ka kolera nan sit moun ki deplase yo**.
- Kondisyon lasante malouk vin pi grav ak **sant sante tankou sanatoryòm ki fèmen** jan repondan sa di nou an. Sèvis sa yo ki kanpe a tounen yon menas pou kèk **maladi enfektyez propaje**.

« Nou pa rive fè anyen paske nou pa gen anyen. Mwen pa konnen si lòt moun genyen men mwen menm ki chita la ap tann jounen an pase pou mwen al dòmi.

Pou mwen manje, mwen dwe tann yo pote ak manje a, li pa menm sifi pou tout moun jwenn. Sa konn lakoz gen goumen. Si ou paka goumen, ou pap jwenn manje »

Fanm ansent ki nan sitiyasyon deplasman

« Nou nan mitan moun ki malad. Lopital Sanatoryòm devalize, moun ki te nan lopital la ap viv nan sit la malgre sa. »

Manman selibatè ki nan sitiyasyon deplasman

RISK PWOTEKSYON

Risk proteksyon grav ki rann popilasyon yo pi vilnerab

- Daprè aktè imanite lokal nou te poze kesyon, depi mwa dawout popilasyon an te plis nan sitiyaasyon pou gen risk pwoteksyon grav **menm si vyolans yo te la avan** jan youn nan lidè kominote esplike sa:

« Pwoblèm sa yo pat toujou kòmanse 12 dawout. Konfli ak zam ant gang yo te la depi 9 mwa. Sa vin pi grav kounya lè 3 gang mete tèt yo ansanm pou atake nou sa te lakòz tout kalite pèt »

- Pami risk pwoteksyon ki pi grav yo, 5 nan aktè lokal te di nou **fanm ak tifi nan sitiyaasyon pou sibi vyolans seksyèl, kèk fwa yo konn itilize vyolans seksyèl kòm menas pou yo ka jwenn enfòmasyon jan deklarasyon ki pi ba a montre sa**
- Anplis vyolans seksyèl fanm ak tifi ap fè fas, gen repondan ki di nou **timoun konn nan sitiyaasyon pou viktim risk pwoteksyon**, risk sa yo prezan nan sit ki akeyi moun deplase yo, pami **risk sa yo gen gwo sèl avan lè, risk pou sibi vyolans fizik ak vèbal osnon risk pou yo separe yo ak fanmi yo.**
- Mete sou vyolans sa yo, yon reprezantan yon òganizasyon imanite pale nou sou **kè sote li genyen sou jan kèk risk vyolans tankou vòlè ak zam, touye moun ak boule kay ap vale teren.** Nan sans sa, 3 moun te di nou jan yo **nan sitiyaasyon pou yo touye yo.** Repondan sa deklare anpil moun **mouri asasinan oubyen yo boule yo tou vivan** nan atak gang yo. Yon lidè relijye rakonte nou ka yon fidèl li ki pèdi madanm li ak pitit li yo nan atak gang yo, pou kounya li pa okenn rezon pou li viv.

« **Bandi yo ka deside vyole moun. Met sou sa, si fi a tante reziste, yo ap touye li aprè yo fin vyole li. Si pa ekzanp, yo di ou fè yon bagay epi ou pa vle, yo ap tiye ou; si yo mande ou pou ou montre kay yon polisye, ou pa vle, wap pran bal.** »

Yon moun andikape ki ap viv nan sit moun ki deplase

MEZI MOUN YO PRAN POU YO ADAPTE YO LÈ YO PA KAPAB SATISFÈ BEZWEN YO

Kapasite limite pou diminye efè kriz la sou menaj ki viktim yo

- 15 repondan** pami moun ki te viktim kriz ki te patisipe nan etid sa deklare yo reziye yo devan sitiyaasyon sa, **yo di yo pa gen okenn estrateji pou yo adapte yo.** Yo di yo pa gen lòt chwa, yo oblije aksepte sitiyaasyon yo nan sit yo, yon fanm ansent ki ap viv nan yon sit ki pa fèt pou sa deklare:

« **Nou pa fè anyen pou adapte nou depi 12 dawout 2023, nan ka pam nan antouka. Nou la nap reflechi paske nou pa te prepare pou sitiyaasyon sa. Se sèl manje aktè imanite yo pote moun ki deplase yo rive jwenn, se pa tout moun ki jwenn li. Se pou sa youn prèske tiye lòt pou yo ka benfisyè li.** »

Fanm ansent ki nan sitiyaasyon deplasman

14/20

repondan pami moun ki te viktim nan kriz la fè konnen yo **pa kapab satisfè bezwen ki an priyorite yo** depi lè konfrotasyon ak zam yo vin pi grav la

- Kèk repondan, pami moun ki te nan sitiyaasyon pou viktim nan kriz sekirite a, eksplike **difikilte yo genyen pou yo satisfè bezwen yo**, malgre **jan yo reziste nan** jan yo kanpe devan gwo danje pou yo ka jwenn manje osnon dlo jan yon komèsant deklare sa:

« **Lè nou konsidere kote nou ye a, ale nan mache se te yon pwoblèm pou nou, epi an jeneral se la bandi yo kanpe pou tire. Fòk nou te toujou veyatif. Wout la te toujou riske. Fòk nou trè pridan pou nou pase epi tou se lavi nou nou mete an danje. Si nou ap gade sou sa, nou pap soti al okenn kote, nan mache a pi mal. Se menm bagay la pou nou jwenn dlo»**

Komèsant nan Kafoufèy

Entansyon depasman moun ki viktim nan kriz sekirite a

- Lè nou te poze yo kesyon sou entansyon pou yo migre, plis pase mwatye nan patisipan yo te di nou moun ki deplase **swete retounen kote yo te rete a**. Daprè repondan sa yo, paske gen nan deplase yo ki pa pwopriyete sa ka enfluyanse entansyon depasman moun yo epi sa ka tounen yon sous motivasyon pou moun yo pa tounen kote yo rete avan an. Pi souvan se moun ki **posede yon kay osnon yon tè ki ap plis pale sou volonte pou pou yo retounen** dapre anketè nou yo.
- 4 moun te pale ak nou sou **vwayaje ale nan yon lòt peyi, si yo te gen mwayen**, kòm entansyon moun ki te deplase yo.
- Sèlman 2 moun te di nou yo vle **deplase nan yon fanmi dakèy (paran/zanmi)**.

Gwo depandans sou èd imanité a pou diminye jan moun ki viktim kriz sekirite a vilnerab

- Lè nou te poze yo kesyon sou kapasite yo genyen pou satisfè bezwen yo, prèske tout moun ki viktim nan kriz la te di nou yo te **mande ak jwenn yon èd imanité yo te pote nan sit kote yo te akeyi moun ki deplase yo pou yo te reponn ak bezwen ki an priyorite yo**.

« Bezwen nou yo pa satisfè paske nou pa posede anyen, nou oblije tann lè òganizasyon yo pote yon bagay pou nou manje. men nan maten, lè lòt moun ap fè kafe epi achte pen pou pitit yo, mwen pa kapab paske mwen pa gen anyen. Gen de fwa, mwen gen abidid pase jounen an san manje ap tann manje yo ap pote pou nou byen ta nan jounen an»

Fan m ansent ki nan sitiyaasyon depasman

- 3 repondan ladan yo 2 granmoun deklare yo te resevwa yon èd imanité moun ki abite nan zòn popilasyon ki te resevwa yo a pandan premye jou aprè konfrontasyon ak zam ki te genyen nan Kafoufèy la.

JWENN ÈD IMANITÉ

Èd imanité ki bay

- Prèske tout moun nou te poze kesyon (19/20) te deklare te genyen **entèkansyon aktè imanité yo nann lokalite yo** pou pote èd dirèkteman bay popilasyon ki te nan sitiyaasyon sibi efè ensekirite a.
- Daprè moun nou te ankete yo pi fò èd la te konpoze ak distribisyon manje (se sa 17/20 patisipan yo di), kit ijyèn (se sa 5/20 patisipan yo di). Anfen, 2 repondan di nou yo te resevwa dra nan sit kote yo te akeyi yo a.
- Yon lòt bò, jan sa te di avan an, gen kèk repondan ki te lonje dwèt sou **èd la ki pa te sifi pa rapò ak bezwen popilasyon ki viktim lan**. Gen yon moun ki te pale sou **move kalite èd yo tap bay yo**, sitou manje a ki ka bay «doulè nan vant».

19/20

repondan pami moun ki te viktim nan kriz la deklare genyen yon **èd imanité ki te bay** epi yo te benefisye li

Difikilte pou jwenn èd imanité a

- Kèk repondan te pale sou **èd la ki te disponib sèlman nan sit kote yo resevwa moun deplase yo** akòz **difikilte aktè imanité yo te genyen pou al pote li Kafoufèy** jan deklarasyon ki sou kote a montre sa.
- Anplis difikilte aktè imanité yo te jwenn pou ale nan zòn nan, 2 repondan di nou **konn gen ti pwoblèm nan distribisyon èd la**. Daprè repondan sa yo, pwoblèm sa yo vini paske responsab sit yo, nou jwenn sitou nan lekòl, **pa te prepare pou akeyi ak responsab moun ki deplase**. yon moun te lonje dwèt sou **move separasyon èd la** jan deklarasyon ki sou kote a montre sa.

« Se òganizasyon yo ki ale nan sit yo men yo pa te janm ale Kafoufèy paske yo pè zòn nan. Nou pa gen anyen pou nou manje ...»

Yon moun ki gen difikilte pou mache ki nan sitiyaasyon depasman

« Gen moun ki te vrèman bezwen èd la ki pa te rive benefisye li pandan gen lòt ki jwenn plizyè fwa»

Yon moun andikape

Priorite ak preferans nan sa ki gen pou wè ak èd imanitè moun te konsilte yo**Lajan**

14/20
patisipan

**Miks(lajan/nati)**

9/20
patisipan

**kay**

6/20
patisipan

**Èd ki gen efè sou anpil tan**

4/20
patisipan

14 patisipan panse **lajan nan men** se pi bon fason pou ede popilasyon ki viktim yo. Daprè yo **lajan nan men an ba yo plis libète**, sitou lè yo ap gen pou **chwazi ant tounen kote yo tap viv avan an oubyen ale viv yon lòt kote** jan deklarasyon pi ba montre sa. Pami aktè lokal nou te poze kesyon yo, 4 sou 20 nan yo (1 responsable asosyasyon lokal ak 3 lidè kominotè panse si yo bay **chèk** sa tap pèmèt **prevansyon fèt kont vòlè ak atak ki ka fèt sou benefisyè yo**. Nan menm sans lan, 4 repondan deklare **distribisyon lajan sou telefòn (monkach, natkach)** tap pi bon epi tap **evite tansyon/pale anpil** nan kominote yo.

« Bay moun yo lajan an nan men yo tap pèmèt kèk moun al jwenn fanmi yo andeyò. Mwen menm, mwen se yon avèg sa tap ede mwen kontinye suiv randevou doktè jan mwen te konn fè sa depi plizyè ane. Men mwen sispann tretman nan lane 2021 paske mwen te manke mwayen.»

Yon moun avèg ki nan sitiyasyon depasman

6 nan patisipan nan antretyen yo idantifye **jwenn yon kay moun ka viv ladanl an sekirite epi nan diyite tankou priorite**. 4 repondan chwazi **modalite ki melanje lajan ak pwovizyon** kòm mwayen prefere pou reponn ak bezwenn yo.

Pou fini, 4 repondan te plis pale sou **enpòtans pou bay yon èd ki ka gen efè pozitif nan kominote a sou yon tan ki long** (sitou nan **reparasyon rezo dlo** yo ak nan **amelyorasyon sistèm pou moun jwenn lasante**)

Pote yon **soutyen ki ap gen efè dirab pou popilasyon yo** te priorite ki te repete plis nan mitan aktè lokal ki te patisipe nan antretyen yo. Daprè moun sa yo, nou ta dwe mete atansyon plis sou mòd soutyen tankou **rekonstriksyon kay ki boule yo, konstriksyon lekòl, enstale latrin ak apiye la polis (PNH) pou ranfòse sekirite**.

Jwenn Enfòmasyon

- Pami 20 moun nou te ankete yo, 8 nan yo di nou se **komite sant kote yo resevwa moun yo** kòm **kote yo jwenn enfòmasyon** sou disponibilite èd imanitè a nan lokalite yo a.
- 7 nan repondan yo di nou se **lidè kominotè yo** (lidè kominotè yo se pastè, manm komite katye ak tout lòt moun ki gen enfliyan sou kominote a) ki pèmèt enfòmasyon sou èd imanitè yo sikile.
- 2 patisipan di nou se **Dierksyon Jeneral Pwoteksyon Sivil (DGPC)** ki sous enfòmasyon yo sou èd imanitè a.
- Yon lòt bò, 3 patisipan di nou yo **gen difikilte pou yo jwenn enfòmasyon ki gen pou wè ak disponibilite èd imanitè nan lokalite yo a si yo pa nan sit kote yo resevwa deplase yo**.

RANKONT NAN KOMINOTE YO AK JAN AKTÈ YO ÒGANIZE YO ANTRE YO

Rankont ak moun ki viktim kriz la epi rankont ak aktè lokal yo

- Pou sa ki gen pou wè ak rankont nou fè avèk aktè lokal yo epi ak popilasyon ki viktim yo, 4 repondan ki se reprezantan òganizasyon imanité deklare **rankont yo fè avèk aktè lokal yo epi popilasyon ki viktim yo** avan yo te komanse pote èd nan Kafoufèy yo te sifi epi te **kontribye nan devlopman bon jan jan repons ki gen rapò ak bezwen moun nan popilasyon yo**. Nan sans sa, yon repondan di nou asosyasyon li ladan li a te òganize **plizyè rankont avèk komite ki ap jere sit moun ki deplase yo pou planifye èd yo pote a pi byen**, pou yo fè sa yo te kolekte enfòmasyon sou bezwen moun yo ak konyen moun ki genyen nan sit yo.
- Yon lòt bò, 4 moun pami yo 2 reprezantan asosyasyon lokal ak 2 lidè kominotè deklare **rankont yo pat ase**. 5 moun, ladan yo yon responsab asosyasyon ak 4 lidè kominotè, deklare **pat gen rankont**.

15/20

repondan pami moun ki viktim kriz la deklare yo **pa konnen anyen sou rankont** aktè imanité yo ta òganize nan lokalite yo a

13/20

Mande pou **ranfòse jan divès aktè ki tap fè entèkansyon nan moman kriz layo òganize yo** epi fè pwomosyon pou gen rankont ak manm komite sit moun deplase yo, asosyasyon lokal yo ak moun ki viktim nan kriz sekirite a **pou garanti yon asistans imanité ki adapte ak bezwen popilasyon yo**.

Pou sa ki konsène **rankont ak kolaborasyon ant aktè tankou asosyasyon yo, otorite lokal yo ak lidè kominotè epi aktè imanité entènasyonal yo**, 6 moun eksplike sa **pote yon diplis** nan sans li **fasilite aktè imanité yo rantre nan kèk zòn kote popilasyon an viktim nan Kafoufèy** ak nan **sit deplase entèn** yo pou pote ba yo yon asistans. Rankont yo pèmèt tou, dapre sa repondan yo di, aktè lokal yo gen **garanti yo ap patisipe nan repons ak planifikasyon premye pati ijans la**.

Brase lide pou konplete etid la ansanm ak aktè lokal yo 2 mwa aprè nou te kolekte done yo

Nan kad etid la, yon chita pale pou konplete kòlèt done a te fèt nan fen mwa novanm nan. Men **prensipal pwèn yo ki te soti nan rankont sa** ki te fèt ansanm ak 12 aktè ki ap entèkansyon nan Kafoufèy :

Bezwen ki an priorite ak jan sityasyon imanité a evolye

- Sit ki gen moun ki deplase ki ekziste yo gen twòp moun;
- Gen kèk bezwen imanité ki pèsiste: Kit ijyèn, enstalasyon latrin, distribisyon manje ak dlo, pwodui pou trete dlo;
- Sipò nan sa gen pou wè ak edikasyon seksyèl ak prevansyon vyolans ki fèt sou baz diferans seks/Jan;
- Reparasyon ak netwayaj kote moun yo ap viv;
- Sipò sikolojik ak pwogram pou timoun ak moun ki te sibi VBG

Asistans imanité

- Fòmasyon pou komite ki ap jere sit pou yon jesyon pi efikas pou moun yo resewa èd la;
- Pi bon kominikasyon ak transparans sou kritè pou seleksyon benefisyè yo;
- Met sou pye yon bon sistèm pou pote plent;
- Bezwen pou mete tout efò yo ansanm pou rive jwenn solisyon pou retire moun yo nan sit yo;
- Nesesite pou aktè imanité yo investi pou pèmèt yo gentan gen kèk bagay sou plas: genyen Klinik ak twalèt mobil ak lòt sèvis ki pare pou itilize.

Rantre aktè lokal yo nan desizyon yo

- Genyen yon katografi klè tout aktè yo pou nou ka genyen yon repons òganize, rapid epi efikas;
- Ranfòsman sistèm rankont asosyasyon lopkal yo ak jan pou rantre yo nan divès faz planifikasyon repons imanité a;
- Ranfòsman kapasite aktè lokal yo nan sa ki konsène kòdinasyon pwojè asistans imanité ak pledwaye
- Entegrasyon aktè lokal yo nan kòdinasyon ki ekziste deja yo.

APÈSI SOU METODOLOJI A

Nou te fè antretyen endividyèl ak semi-estriktire (20) avèk enpe gwoup nou te idantifye kòm gwoup ki te pi ekspozé ak vilnerablite yo epi ki te gen bezwen imanite ki grav yo davans nan popilasyon. Gwoup nan popilasyon an nou te idantifye yo se :


- Manman selibatè; (4 antretyen)
- Granmoun aje; (4 antretyen)
- Moun andikape; (4 antretyen)
- Moun ki nan sitiyoasyon depasman yo ki ap viv nan sit depase yo ; (4 antretyen)
- Kòmèsan oubyen travayè jounalye nan zòn ki gen ensekirite; (4 antretyen)

20 lòt antretyen te fèt ak enfòmasyon kle yo tankou reprezantan asosyasyon lokal ki ap travay nan lokalite Kafoufèy la, otorite lokal, lidè kominotè ak reprezantan òganizasyon imanite entansyonèl ki ap fè entèvansyon nan lokalite a.

Nou te rive seleksyone enfòmasyon kle yo nan yon apwòch echantyonaj chwa, nou te baze nou sou ekspètiz patnè lokal nou an ak konsepsyon li genyen sou kontèks lokal la men tou nou te kolabore ak gwoup travay nan jesyon enfòmasyon ak evalyasyon (IMAWG).

Yon chita pale ak aktè ki ap fè entèvansyon bò kote moun ki depase akòz kriz sekirite a te fèt nan mwa novanm nan pou nou te gade jan siyasyon imanite a te evolue epi rekòlte sa yo panse sou premye rezilta etid la.

KOUVÈTI JEOGRAFIK



NÒT BADPAJ

PAJ 1

¹ OIM, [DTM, suivi des urgences](#), mwa dawout 2023

² INSO, Rapport Trimestriel, mwa dawout 2023

PAJ 2

¹ OIM, [Situation de déplacement dans le département de l'Ouest - round 5 \(octobre - novembre\), 2023](#)

SAW DWE KONNEN SOU REACH

REACH fasilite kreyasyon zouti ak pwodui enfòmasyon ki la pou ranfòse kapasite aktè imanite yo pou yo pran desizyon ki chita sou enfòmasyon lè gen ijans, relèvman ak devlopman. pou sa rive fèt, REACH itilize metòd ki genyen kolèk done primè, suivi ak analiz apwofondi done sa yo. Nou mennen tout aktivite yo nan kad yon sistèm kòdinasyon an plizyè ajans. REACH se yon inisiativ d'**IMPACT Initiatives** nan tèt kole ak ACTED epi Enstiti Nasyonizini pou fòmasyon ak rechèch– Pwogram operasyonèl pou Aplikasyon satelitè(UNITAR-UNOSAR).

Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt nou: www.reach-initiative.org epi swiv nou sou Twitter : @REACH_info